

LELEWANING BASA SAJRONING ANTOLOGI GEGURITAN SALAM SAPAN SAKAGUNUNG GAMPING ANGGITANE NARYATA: Tinting an Stilistika

Awung Ino Fulandi
FBS UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Geguritane Naryata karakit kanthi premati lan ngati-ati. Anggone ngracik *ide, imajinasi* lan anggone nulis kanthi basa kang endah, nuduhake yen tataran lan teknik nulis wis kecekel ing tangane. Geguritan-geguritane uga kebak tema sosial-masyarakat kang kebak dening pituduh lan gegambaran ngaurip. Nitik saka kahanan iku, panulis nduweni anggepan yen isi geguritane kasebut banget narik kawigaten kanggo diteliti lan dianalisis.

Underaning panliten sajroning panliten iki yaiku : (1) Kepriye wujud lan teges panganggone lelewaning basasajroning geguritan anggitan Naryata? (2) Kepriye maknane tumrap geguritan anggitan Naryata? Tujuwaning panliten iki kanggo medharake reroncening tetembungan sajroning geguritan anggitan Naryata kang ngandhut *style* lan njlentrehake makna apa wae kang bisa didudut saka geguritan-geguritan anggitan Naryata sajroning Antologi *Salam Sapan saka Gunung Gamping* kanthi: (1) Ngandharake wujud lan teges panganggone lelewaning basasajroning geguritan anggitan Naryata; (2) Ngandharake maknane tumrap geguritan anggitan Naryata.

Paedah ing panliten iki dikarepake bisa aweh sumbangan tumrap pangrembakane jagading sastra, babagan kritik sastra, mligine sastra kang awujud *fiksi*, lan bisaa nambahi seserepan saka panliten sadurunge utamane kang nggunakake tintingan kang sairib karo panliten iki. Uga asil panliten iki dikarepake bisa dadi salahsawijine *referensi* sastra, amarga salahsawijine jinis utawa genre karya sastra kang awujud geguritan iki mujudake geguritan basa Jawa kang bisa digunakake dadi piranti kanggo nguri-uri sastra Jawa lan dikarepake bisa nepungake bebrayan agung marang anane sastra Jawa.

Kagiyatan panliten iki nggunakake rancangan metode deskriptif kualitatif. Panliten iki nduweni obyek sepuluh geguritane Naryata kang kaimpun sajroning Antologi *Salam Sapan saka Gunung Gamping Lamongan* kanthi *pendekatanstilistika*. Data ing panliten iki dikumpulake kanthi cara teknik wacan, nyathet lan metode kapustakan. Ing babagan tatacara pangolahing data, panliten iki nggunakake *pendekatanstilistika*.

Asil panliten iki nuduhake yen lelewaning basakang onja lan katon digunakake sajroning geguritan anggitan Naryata sajroning antologi *Salam Sapan saka Gunung Gamping* kang nggunakake basa kias kaperang dadi 14 ing antarane, yaiku: (1) Klimaks, (2) Asidenton, (3) Polisidenton, (4) Metonimia, (5) Anafora, (6) Pleonasmé, (7) Repetisi, (8) Retoris, (9) Sinekdoke, (10) Alegori, (11) Alusio, (12) Metafora, (13) Personifikasi, lan (14) Hiperbola. Dene lelewaning basa purwakanthikaperang dadi: (1) Purwakanthi Guru Sastra, (2) Purwakanthi Guru Swara.

Makna kang kasil kadudut saka geguritan anggitan Naryata ing antarane ngenani urip sabendina, sejatining urip lumrah manungsa, katresnan kang sejati, lan apa wae kang samestine kudu dilakoni dening manungsa ing jaman modern iki.

Kuncine tembung : *geguritan, stilistika, Lelewaning Basa*

A. Purwaka

Ciniptane manungsadening Gusti Kang Murbeng Dumadikantthisinartan cipta, rasa, lan karsa. Kanthi pinaringantetelune iku, manungsa nduweni pepenginan kang tuwuh kanggo ngatonake *ekspresi*-ne. Maneka warna wujud kang diasilake manungsa kanggo mujudake*ekspresi*-ne mau, salah sawijine yaiku awujud sastra. Gegayutan karo bab iku, bisa ditegesi yen sastra iku ora bisa uwal saka uripe manungsa. Sastra lan uripe manungsa nduweni gegayutan lan ora bisa dipisahake. Sastra iku mujudake kaca benggala saka kadadeyan kang nyata saka uripe manungsa. Karya sastra rinipta saka *pengalaman* utawa prastawa (Luxemburg, 1986:17).

Karya Sastra iku kalebu saka salah sawijining wujud *seni* kang migunakake basa minangka pirantine. Basa kang digunakake sajroning karya sastra ora mung saderma reroncening basa kang katulis utawa kang digunemake, nanging uga nduweni teges kang migunani tumrap pamaos. *Karya sastra* wujud nyata saka *pengalaman* kang bisa nuwuhake gegambaran kanthi lumantar piranti basa. Sajrone nyiptakake *karya sastra*, pangripta mesthi nggunakake basa kang *khas*. Guritan minangka salah sawijining asil karya sastra dikarepake bisa nuwuhake rasa kaendahan ing basane. Pamilihing tembung, lelewaning basa sarta piweling, pituduh, lan pitutur kang kinandhut nduweni teges lan *makna* kang luhur (Sumarjo, 1988:3).

Guritan dhewe yaiku *ekspresi* pikiran kang nuwuhake pangrasa, ngrangsang *imajinasi* pancadriya kanthi tataran kang manut wirama. Kabeh iku awujud samubarang kang wigati, kasimpen lan awujud *interpretasi* pandulu manungsa kang wigati, diowahi kanthi wujud paling endah (Pradopo, 1997:7). Sajroning sastra Jawa gagrag anyar kang sabanjure sinebut *sastra Jawa modern*, guritan uga bisa diarani kanthi sesebutan kanggo

puisi. Genre puisi mujudake *genre* kang paling tuwa. Saben *periodegenrepuisi* tansahngalami pangrembakan, nduweni jeneng lan wujud kang owah gingsir anut laku jantraning jaman. Cundhuk marang pamawase sarjana sujana kang ngandharake manawa puisi tansah ngalami owah-owahan anut *evolusi selera* lan owah-owahane *konsepestetik-e* (Riffaterre, 1978:1 sajroning Pradopo, 2005:4)

Stilistika mujudake carane *sastrawan* anggone nggunakake *unsur kaidah* kang ana sajroning basa lan rasa kang diwujudake dening panganggone. Punjering panliten *stilistika* yaiku *gaya (style)*, yaiku cara kang digunakake dening pamicara utawa pangripta anggone medharake maksud kanthi nggunakake basa minangka saranane, *style* uga bisa ditegesi *gaya basa* (Sudjiman, 1993:18).

Lelewaning basa (*Gaya Bahasa*) minangka cara panganggoning basa kanthi mligi kanggo mujudake *fungsi* tartamtu. Sajroning karya sastra kang *efektif* mesthi ana *fungsi estetik* kang njalari karya kasebut nduweni *nilai seni*. *Nilai seni* sajroning karya sastra tuwuh krana anane lelewaning basa lan *fungsi* liya kang njalari karya sastra dadi luwih endah kaya anane *gaya* anggone nyritakake lan pangrakite guritane.

B. Metode Panaliten

Ing panliten iki nggunakake metode nyimak, amarga *data* kang dibutuhake diklumpukake banjur diwaca lan nyimak data nuli kadudut kanggo nemokake pesen kang kinandhut sajroning *teks* kang katindakake kanthi *objektif* lan *sistematis*.

Sumber *data* kang dianggo panliten iki yaiku sumber *data* kang arupa sepuluh guritan anggitané Naryata kang kapacak sajroning “*Antologi Geguritan Salam Sapan saka Gunung Gamping*”.

1) Ancangan Panliten

Kawawas saka *segi konsep*, titikane, lan lelandhesaning teorisajroning panaliten iki kang ngandharake rasa sajroning pangrasa yaiku kepriye sejatine sing dadi karep lan tujuwane pangripta anggane ngripta karyane, sakliyané uga bakal diandharake ngenani piwulangan apa wae kang bisa kadudut saka geguritan anggitané Naryata, lumantar analisis lelewaning basa (*gaya bahasa*) lan analisis *struktural* geguritan, mula *pendekatan* kang digunakake sajroning panaliten iki yaiku *Stilistika*.

Analisis *Stilistika* kanthi cara mankono yaiku, kang kapisan nganalisis geguritane Naryata kanthi *sistematis* marang wujud panggunane lelewaning basa lan ngandharake karepe pangripta nggunakake lelewaning basa kang kaya mangkono mau. Kapindho, nganalisis geguritane Naryata kanthi *mengkaji* sakabehe *struktur* pambangun geguritan saperlu kanggo ngandharake apa sejatine kang dadi rasa pangrasane pangripta lumantar geguritane iku mau. Sajroning panaliten iki kang dianalisis yaiku panganggane lelewaning basa (*gaya bahasa*). *Stilistika* ing kene digunakake kanggo nganalisis *fungsi* kang disebabake dening wujud lelewaning basa (*gaya bahasa*) sajroning geguritane Naryata.

2)Data lan Sumber Data

Data lan sumber *data* minangka perangan kang wigati sajroning panliten. Tanpa anane *data* lan sumber *data* ora bisa katindakake sawijining panliten, amarga saka *data* lan sumber *data* bisa kawawas metode lan *teknik* kang salaras kanggo nitingi *data* kang dianggo. Ing perangan iki diandharake *data* lan sumber kang magepokan kalawan lelewaning basa mawi titingan *stilistika*.

2.1Data

Data kang digunakake sajroning panliten iki arupa tembung, *frase*, lan citra gatra kang ngandhut lelewaning basa kang rinonce sajroning guritan-guritan anggitane Naryata kang tumuju ing titingan *stilistika*.

2.2Sumber Data

Sumber *data* minangka babagan kang wigati lan dibutuhake sajroning panliten. Sumber *data* kang dianggo panliten iki yaiku sumber *data* kang arupa sepuluh guritan anggitane Naryata kang kapacak sajroning “*Antologi* Geguritan Salam Sapan saka Gunung Gamping”. “*Antologi* Geguritan Salam Sapan saka Gunung Gamping” awujud buku kang kababar ing sasi November taun 2009, dumadi saka 100 kaca. Kang nyengkuyung pambabarane *Antologi* iki yaiku Pamarsudi Sastra Jawa Bojonegoro.

3) Metode lan *Teknik Panglumpukane Data*

Metode panliten minangka tata cara kang bakal ditindakake sajroning panliten. *Teknik* panliten mujudake pangecakane metode panliten. Mungguha metode lan *teknik* panliten ora ana, panliten ora bisa oleh *data* kanthi apik, titingan *data* uga bakal ora bisa kababar jero. Samono uga asiling panliten ora kaya kang dikarepake.

Metode lan *teknik* panliten kaperang dadi limang jinis, yaiku *angket*, *observasi*, wawan gunem, *dokumentasi*, lan *gabungan* utawa *triangulasi*. Ing panliten iki nggunakake metode nyimak, amarga *data* kang dibutuhake diklumpukake banjur diwaca lan nyimak data nuli kadudut kanggo nemokake pesen kang kinandhut sajroning *teks* kang katindakake kanthi *objektif* lan *sistematik*.

Panliten iki ora bisauwal saka tata cara pangolahing *data* nganti tata cara nulis *data*. Supaya *data* bisa diolah kanthi salaras lan trep sarta bisa ngasilake asil kang nengsemake lan ora nguciwani, mula sadurunge ditulis asiling panliten, ana sawenehing tata cara utawa cak-cakan kang kudu ditindakake kanthi trep.

3.1 Klasifikasi Data

Pengklasifikasian data minangka langkah pangumpulaning data kang akurat, kanggo dikelompokake kanthi trep karo jinis masalah ing panaliten iki. Pengklasifikasian data bisa dilakokake kanthi :

- 1) Merang geguritan kang ngandhut unsur lelewaning basa (*gaya bahasa*).
- 2) Merang geguritan miturut isi lan sejatine kang kawedhar sajroning geguritan anggitané Naryata.

3.2 Kodifikasi Data

Pengkodifikasian diterapake marang data kang wis dipilih, pengkodean saka seleksi data iki arupa data seleksi ora ditulis kabeh, nanging dijupuk larik kang ana sesambungane karo masalah panaliten. Tuladhane, (PT. PD 1.GT 1-2. NR. ASSGG. 1991) pengkodifikasian iki nduweni teges geguritan kanthi judul *Dhawuh*, Pada 1, Gatra 1-2. Naryata. Antologi Salam Sapan saka Gunung Gamping. Taun penerbitan geguritan yaiku taun 2010.

3.3 Tatacara Ngolah Data

Pangolahe data sajroning panaliten iki digunakake kanggo ngolah data kang wus kakumpul. Ing proses analisis data sajroning panliten iki, panliti nggunakake patang tahap yaiku:

- 1) Nglompokake data miturut *kategori-kategori* kang wus ana, apa iku kang arupa lelewaning basa (*gaya bahasa*).
- 2) Sawise dikelompokake miturut kategori-kategorine, data banjur dianalisis miturut kategorine. Surachmad (1985: 85) ngandharake yen teknik riset kapustakan yaiku pangumpule dhata-dhata utawa bahan-bahan kang dijupuk saka sumber kapustakan sarta dokumen liya. Panliten kapustakan digunakake kanggo nyatakake sawijining cara nindakake panliten andhedhasar naskah-naskah kang wis diterbitake kang arupa buku apadene kalawarti.
- 3) Analisis sakabehe data panliti nganalisis ngenani lelewaning basa (*gaya bahasa*).

Tata cara nulis asiling panliten iki yaiku analisis informal. Sudaryanto (1993: 144-145) ngandharake yen analisis informal mujudake sawijining proses analisis data kang nggunakake tembung-tembung. Mula asil analisis data disuguhake kanthi pengklasifikasian lan menehi kode-kode tumrap data kang nggunakake tembung-tembung sing gumathok karo jinis prakara sajroning panliten.

4) Menehi teges kang mentes babagan apa wae kang coba diandharake pangripta sajroning geguritane, lan piwulangan apa wae kang bisa didudut saka tulisane iku mau. Endraswara (2008: 52) ngandharake metode positivistik nggunakake teks minangka studi utama.

Asil saka analisis iki kang bakal digunakake kanggo njawab rumusan masalah kang wus dijlentrehake sadurunge. Saka analisis iki bakal dirumusake saran-saran kang bisa diwenehake kanggo panaliten sabanjure.

3.4 Tatacara Penyajian Asil Analisis Data

Kanggo nganalisis fungsi kang disebabake dening lelewaning basa (*gaya bahasa*) sajroning geguritan-geguritane Naryata iki migunakake *Pendekatan stilistika*.

Penyajian asil analisis data minangka tahap kang pungkasan ing sajroning panaliten. Sudaryanto (1993:144-145) ngandharake yen anggone nyuguhake data asil analisis ana loro, yaiku kanthi analisis formal lan analisis informal. Panaliten iki nyajekake analisis informal, yaiku data kang disajekake saka rumusan tembung-tembung biasa utawa umum.

3.5 Proses Panliten

Proses panliten iki kaperang dadi tahap-tahap kang sinambungan. Tahap-tahap iku yaiku :

1) Tahap Persiapan

Ing tahap persiapan iki diwiwiti saka kagiatan nggoleki lan nentokake obyek, pangumpulan data, nentokake judul, penelaahan pustaka, panyusunan proposal, konsultasi proposal lan persiapan rancangan skripsi.

2) Tahap Nindakake Kagiatan

Tahap iki minangka inti saka panaliten. Panaliten iki dilakokake adhedasar proposal kang wis disetujoni dosen pembimbing. Kagiyan kang dilakokake ing sajroning tahap iki yaiku klasifikasi data lan analisis data kang trep karo judul lan masalah kang dadi topik panaliten iki, banjur narik dudutan.

3) Tahap Ngrampungake

Tahap iki minangka tahap kang pungkasan saka kagiyan panaliten. Kagiyan kang dilakokake ing sajroning tahap iki yaiku panyusunan asil analisis data sawise anane revisi, ujian skripsi lan kang pungkasan yaiku penjuragan skripsi.

C. Asile Panliten

. Ing panliten iki babagan kang bakal diandharake yaiku ngenani lelewaning basa apa wae kang ana sajroning geguritan anggitané Naryata kang ditindingi kanthi tingingan *stilistika* lan apa wae sejatine rasa pangrasa kang coba diwedhar dening juru gurit sajroning geguritané sarta piwulangan apa wae kang bisa dijupuk saka geguritan anggitané Naryata.

Sajroning geguritané, Naryata akeh banget migunakake basa kang lelewa. Iki ngono nduweni karep supaya bisa nambah kaendahan marang tulisane, lan pranyata sajroning lelewaning basa uga nduweni maksud utawa tujuwan tartamtu. Basa kang lelewa sajroning geguritan Naryata bisa kapilah antarane :

Adhedasar analisis kang wis dilakokake marang geguritan-geguritané Naryata ing Antologi *Salam Sapan saka Gunung Gamping*, bisa didudut ngenani Lelewaning basa, rasa pangrasa lan piwulangan kang kinandhut sajroning geguritan ing antarane yaiku:

Lelewaning basa kang ana lan katon digunakake sajroning geguritan Naryata, kaperang dadi 12 yaiku : (1) Alegori, (2) Personifikasi, (3) Klimaks, (4) Asindenton, (5) Polisindenton, (6)

Metonimia, (7) Alusio, (8) Pleonasme, (9) Repetisi, (10) Retoris, (11) Sinekdoke, lan (12) Tautologi. Dene lelewaning basa purwakanthi ing antarane tinemu (1) Purwakanthi Guru Sastra, (2) Purwakanthi Guru Swara. Mula saka sawenehing lelewaning basa kang mapan sajroning geguritan-geguritane mau katon nuwuhake ciri khas saka Naryata, yaiku anggone milih tetembungan katon tansah nuwuhake efek-efek panguat saka tembung kasebut.

Efek-efek panguatan tembung kuwi tuladhane bisa disawang ing babagan pamilihing tembung kanthi migunakake saperangan lelewaning basa. Dene rasa pangrasane geguritan Naryata iku saperangan ngenani urip saben dina tegese guritan-guritan anggitan Naryata kasebut ngandhut saperangan makna kayata sosial, religius, lan romantis.

Saliyane iku geguritan-geguritan anggitan Naryata ngemot akeh banget piwulangan utamane kanggo urip saben dinane ing antarane ngenani urip sabendina, sejatining urip lumrahe manungsa, katresnan kang sejati, lan apa-apa wae kang samestine kudu dilakoni dening manungsa ing jaman modern iki. Mula saka iku guritan-guritan anggitan Naryata kasebut bisa didadekake kaca benggala tumrap manungsa kanggo ngupadi bebener kang sejati.

D. Saran

Panaliten iki isih adoh saka kasampurnaan amarga mung diwatesi nliti ing unsure lelewaning basa sajroning geguritan anggitan Naryata. Mula sejatine isih akeh kang bisa diteliti utawa dianakake panliten liya, apa saka kajian sosiologi sastra, psikologi sastra utawa budaya, supaya bisa nuwuhake panliten-panliten liya ing babagan iki kang luwih sampurna lan bisa kanggo majokake ilmu sastra lan nambah khasanah kasustraan Indonesia utamane Jawa yaiku ngenani Geguritan.

E. DAFTAR PUSTAKA

- Aminuddin.1995.*Stilistika, Pengantar Memahami Sastra dalam Karya Sastra*.Semarang: IKIP Semarang Press.
- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Chaer,Abdul.2002. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djajasudarma,Fatimah.T.2003. *Semantik I Pengantar ke arah Ilmu Makna*. Bandung: PT Eresco.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Hutomo, Suripan Sadi.1975. *Telaah Kesustraan Jawa Modern*. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Jalil, Dianie Abdul. 1990. *Teori dan Periodisasi Puisi Indonesia*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Keraf. Gorys. 2006.*Diksi dan Gaya Bahasa, Komposisi lanjutan 1*. Jakarta: PT Gramedia pustaka Utama.
- Naryata. 2010. *Salam Sapan saka Gunung Gamping Antologi Puisi bersama*. Lamongan: Pustaka Ilalang
- Nurdiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmasoekotjo, S. 1953. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: Citra Jaya Murti.
- Poerwadarminta, W.J.S.1986. *Baoesastra Djawi*. Batavia: J.B.Wolters Groningen.
- Prabowo, Dhanu Priyo dkk. 2007. *Glosarium Istilah Sastra Jawa*. Yogyakarta : Narasi.
- Pradopo, Rahmat Djoko.2005. *Pengkajian puisi*. Jakarta: Gadjah Mada University press.
- Ratna, Nyoman Kutha.2006. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Ratna, Nyoman Kutha.2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Saraswati, Sylvia. 2010. *Cara Mudah Menyusun Proposal, Skripsi, Tesis, Disertasi*. Jogjakarta: Ar-ruzz Media.
- Sudaryanto.1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudjiman, Panuti. 1984. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Gramedia.
- Sudjiman, Panuti.1993.*Bunga Rampai stilistika*.pustaka Umum grafiti.
- Sumardjo,Jakop dkk.1988. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Teew, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Verhaar, J.W.M.1983.*Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Waluyo, Herman J. 1987. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta: Yayasan Arus.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Yuwana, Setya, dkk. 2000. *Pendekatan Stilistika Dalam Puisi Jawa Modern Dialek Using*. Jakarta : Departemen Pendidikan Nasional.

KACA PASARUJUKAN

Usulan panliten dening : Awung Ino Fulandi
NRM : 082114230
Irah-irahan : Lelewaning Basa Sajroning Antologi Geguritan
Salam Sapan saka Gunung Gamping
anggitane Naryata :Tintingan Stilistika

Jurnal Pendidikan iki disarujuki lan murwat kanggo pandadaran.

Surabaya, 22 Januari 2013

Pembimbing

Drs. Panyono Pardiono
NIP.19471208 198103 1 00

.....